



Kesyon yo Poze Souvan sou Lis Datant NYSHCR la

Ki jan pou mwen aplike pou Pwogram Koupon pou Chwa Lojman an (Seksyon 8)?

Depatman Lojman ak Renouvèlman Kominotè Eta New York (NYSHCR) ap ofri yon nouvo opsyon pou aplike sou entènèt pou Lis Datant Seksyon 8 ki ouvè e k ap patisipe yo. Aplikasyon sou entènèt yo ap disponib atravè Pòtay MyHousing ki sou sitwèb NYSHCR la:

<https://Section8.hcr.ny.gov> epi tradiksyon yo disponib nan plizyè lang.

Si ou ta renmen aplike atravè administratè lokal Seksyon 8 ou a sou papye, ou kapab toujou fè sa. Tanpri vizite <https://hcr.ny.gov/hcv> pou jwenn ajans administratif konte lokal ou a.

Tanpri sonje aplikasyon an pa garanti w ap resevwa yon Koupon pou Chwa Lojman.

Ki sa Pwogram Koupon pou Chwa Lojman an ye?

Pwogram Koupon pou Chwa Lojman an (HCV), yo rele Seksyon 8 la, se yon pwogram federal ki fèt pou bay asistans pou lwaye pou fanmi ki gen ti revni, granmoun aje ak moun ki andikape, pou pèmèt yo jwenn aksè nan yon lojman desan, an sekirite ak pwòp sou mache prive a. Nan kad pwogram sa a, NYSHCR peye yon pòsyon nan lwaye fanmi ki kalifye yo chak mwa dirèkteman bay Pwopriyete a, Jesyonè a, oswa Bayè a.

Ki sa ki yon Koupon ki Baze sou Lokatè?

Koupon ki Baze sou Lokatè yo bay asistans pou lwaye pou fanmi ki nan mache lokasyon prive a. Aplikan yo resevwa koupon yo epi yo ka chwazi nenpòt lojman ki satisfè kondisyon pwogram nan. Yon egzijans tipik se pou detantè koupon an lwe yon inite ki sitiye nan limit jiridiksyon pwogram sa a, ki anjeneral se limit konte a.

NYSHCR peye pwopriyete a yon pòsyon nan lwaye ki te nan kontra a kòm asistans lojman nan non patisipan an. Patrisipan an peye rès lwaye a, yon montan ki ekivalan apeprè 30% nan revni masyèl li, ak depans sèvis piblik yo.

Ki sa ki yon Koupon ki Baze sou Pwojè?

Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) yo bay asistans pou lwaye ki lye ak yon inite apatman espesifik nan yon pwopriyete ki gen kontra ak Otorite Lojman an. HCR gen Koupon ki baze sou pwojè disponib nan tout Eta New York la. Anjeneral, se bayè prive oswa konpayi lojman ki posede epi jere inite sa yo. Kandida yo ka aplike sou kantite Lis Datant ki Baze sou Pwojè yo vle. Si yo chwazi aplikan an sou yon Lis Datant ki gen rapò ak yon pwojè patikilye, I ap resevwa yon koupon pou pwojè sa a sèlman. Anpil pwojè gen kritè preferans ak seleksyon espesifik, tankou koupon pou granmoun aje oswa moun ki bezwen akomodasyon espesyal akòz pwoblèm mobilite.

Èske gen yon frè pou soumèt yon aplikasyon pou Lis Datant lan?

Non. Pa gen okenn frè pou soumèt yon aplikasyon sou pòtay MyHousing lan oubyen sou papye. NYSHCR p ap janm mande w kat debi oswa kredi ou oswa okenn lòt fòm peman pou soumèt yon aplikasyon pou sèvis li yo. Anplis, tanpri pa pataje okenn enfòmasyon pèsònèl ak okenn moun ki pretann yo kapab garanti w yon plas sou lis datant lan, amelyore chans ou pou yo chwazi w pou lis datant lan, oswa asire ou resevwa avantaj NYSHCR yo.

Èske mwen ka soumèt plis pase yon aplikasyon pou lojman? Èske mwen ka aplike pou plis pase yon Lis Datant?

Chak chèf fanmi ka kreye yon sèl aplikasyon sou pòtay My Housing lan. Ou ka itilize aplikasyon sa a pou aplike pou yon sèl Lis Datant, oubyen pou aplike pou plizyè Lis Datant selon elijibilite ou ak bezwen lojman ou.

NYSHCR kenbe Lis Datant separe pou chak pwojè PBV ak Lis Datant separe pou pwojè HCV ki baze sou lokatè nan chak jiridiksyon (anjeneral yo òganize dapre konte). Pou plis enfòmasyon sou jiridiksyon pwogram HCV NYSHCR la kouvri, tanpri gade lis administratè [Pwogram Seksyon 8 Lokal nou an](#).

Si yon nouvo Lis Datant vin disponib nan lavni, ou ka itilize Pòtay Aplikan an pou retounen nan aplikasyon w lan epi ajoute lòt Lis Datant sou aplikasyon w lan.

Èske plis pase yon moun nan kay mwen an ka soumèt yon aplikasyon?

Wi. Yon chèf fanmi pa ka soumèt plis pase yon aplikasyon, men *yon* lòt chèf fanmi ka soumèt yon lòt aplikasyon pou yon lòt konpozisyon fanmi. Pou egzanp, yon grann ka soumèt yon aplikasyon pou yon kay ki gen yon pitit gason adilt li ak pitit pitit li. Yon lòt bò, si pitit gason adilt la vle demenaje, li ka soumèt yon aplikasyon pou tèt li ak Pitit Pitit la. Chak chèf fanmi dwe gen omwen 18 lane oswa yon minè emansipe dapre lalwa Eta New York la.

Èske mwen elijib pou benefisye preferans sou Lis Datant NYSHCR la?

Selon Plan Administratif NYSHCR la, preferans sa yo aplike pou tout pwojè yo:

- Fanmi yo defini kòm sanzabri
- Fanmi yo idantifye kòm Granmoun Aje ak/oswa Andikape (jan HUD defini li) oswa fanmi ki gen timoun depandan.

Anpil pwojè PBV gen kritè elijibilite oswa preferans espesifik. Si sa rive, y ap endike l nan deskripsyon pwojè a sou pòtay MyHousing lan.

Ki kondisyon elijibilite pou admisyon nan pwogram HCV NYSHCR la?

Pou ou elijib pou resevwa yon kupon, ou dwe satisfè kondisyon sa yo lè yo chwazi w sou Lis Datant lan:

- Ou dwe gen omwen 18 lane oswa yon minè emansipe dapre lalwa Eta New York la.
- Revni kay ou a dwe satisfè direktiv revni Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) Etazini tabli pou zòn ou an. Gid revni maksimòm yo pa ka depase limit revni ki ba a jan HUD detèmine sa chak ane.
- Ou dwe satisfè tout direktiv kalifikasyon ki nan Plan Administratif NYSHCR la.
- Lè yo chwazi w nan Lis Datant lan, y ap mande w bay plis enfòmasyon pou verifye done ou te bay lè w t ap aplike a. HCR ap verifye done ou yo, epi nan pifò ka y ap mande dokiman pou demontre ou kalifye. Men kèk egzanp enfòmasyon: dokiman prèv preferans, revni anyèl kay la, konpozisyon fanmi an, nimewo sekirite sosyal, oswa estati imigrasyon kalifye pou omwen yon manm fanmi an, dosye kriminel, ak sispansyon nan pwogram asistans lojman anvan an. Si ou bay fo enfòmasyon pandan pwosesis seleksyon an, ou ka pa kalifye pou pwogram lojman NYSHCR yo. Gade anba a pou kesyon elijibilite pou imigrasyon.

Ki enfòmasyon mwen bezwen bay pou m ka aplike (pou tout moun nan kay la)?

- Non
- Adrès imèl
- Nimewo telefòn
- Adrès aktyèl
- Dat Nesans
- Sèks, Ras, ak Orijin Etnik
- Revni ak byen
- Andikap ak Estati Veteran, si w ap reklame yon preferans

Ki limit revni yo itilize pou detèmine kalifikasyon?

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) fikse limit yo chak ane epi ou ka jwenn yo sou sitwèb HUD ki anba a. Chwazi kote w ye a pou w detèmine limit ki aplike nan kote w ye kounye a.

https://www.huduser.gov/portal/datasets/il/il2024/select_Geography.odn

Èske mwen ka aplike pou Lis Datant lan si yo deja eskli m nan pwogram nan?

Wi. Yo p ap entèdi w soumèt yon aplikasyon; Sepandan, lè yo chwazi w pou Lis Datant lan, y ap egzamine aplikasyon w lan dapre kritè elijibilite ak seleksyon NYSHCR yo, ki ka gen enkli yon revizyon sou patisipasyon w anvan nan yon pwogram asistans lojman.

Èske yo ka chwazi m pou Lis Datant NYSHCR la si m deja sou Lis Datant yon lòt pwogram?

Wi. Li posib pou w enskri sou plizyè lis datant. Li posib tou pou yo chwazi w epi evalye w pou plizyè lis datant. Li pa posib pou w resevwa plis pase yon koupo alafwa.

Ki sa k ap pase apre mwen fin soumèt aplikasyon mwen an sou Pòtay MyHousing lan?

Yon nimewo konfimasyon ap parèt sou ekran ou lè ou fin ranpli demann ou an. Yo pral voye konfimasyon an tou pa imèl nan adrès ou te bay nan demann ou an. Kandida yo ta dwe kenbe yon kopi dijital oubyen enprime konfimasyon enskripsyon an pou achiv yo. Apre sa, ou ka itilize sa pou jwenn aksè a demann ou an pou mete ajou oswa modifye enfòmasyon sou kay ou a.

Si yo chwazi aplikasyon mwen an pou yon Lis Datant, èske m ap pèdi plas mwen sou yon lòt lis datant?

Non. Si yo chwazi aplikasyon w lan pou verifikasyon kalifikasyon sou yon Lis Datant, ou ap kenbe plas ou sou tout lòt Lis Datant ou te aplike pou yo. Si ou resevwa yon kupon nan yon sèl Lis Datant, ou ka toujou rete sou Lis Datant yon lòt pwogram si w vle.

Menm si yo refize w asistans nan yon pwogram, ou ka kenbe plas ou sou lòt Lis Datant lan. Sepandan, ou p ap kapab resevwa plis pase yon kupon alafwa.

Si mwen sou nenpòt lòt Lis Datant (tankou NYCHA ak/oswa HPD), èske sa ap mete m otomatikman sou Lis Datant NYSHCR yo?

Non, si w sou yon lòt lis datant, tankou NYCHA oswa HPD, sa pa vle di ou otomatikman sou yon Lis Datant atravè NYSHCR. Ou DWE aplike separeman pou Lis Datant NYSHCR yo.

Si mwen aplike pou Lojman Seksyon 8 atravè Pòtay MyHousing lan, kilè m ap resevwa yon kupon pou lojman?

Lè asistans pou lojman an vin disponib, administratè lokal pwogram nan ap kontakte w pou yon randevou pou verifikasyon elijibilite. Pwosesis seleksyon an ap detèmine si ou satisfè kondisyon elijibilite debaz yo pou kalifye pou pwogram nan. Si ou satisfè kondisyon pwogram nan, w ap resevwa kupon lojman ki baze sou lokatè oswa ki baze sou pwojè ou a.

Mwen pa yon sitwayen ameriken. Èske mwen ka aplike?

Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken pou aplike pou lojman sosyal oswa sibvansyone. Rezidan pèmanan legal ak sèten kategori lòt moun ki pa sitwayen ka aplike. Yon fanmi aplikan kote okenn manm pa sitwayen ameriken oswa ki gen estati imigrasyon elijib pa kalifye pou asistans. Si yon moun nan kay ou a koresponn ak nenpòt nan kategori ki anba yo, tout fanmi an ka aplike pou pwogram nan.

Sitwayen:

Yon sitwayen ki fèt Ozetazini

Yon sitwayen ki natirize

Moun ki pa sitwayen ki kalifye:

Yon rezidan pèmanan legal (detantè kat vèt (Green card))

Yon imigran anrejistre (Pwokirè Jeneral Etazini an otorize rezide pou tout tan epi ki elijib pou sitwayènte)

Yon refijye oswa yon moun k ap chèche azil

Yon imigran kondisyonèl

Yon moun ki nan libète kondisyonèl

Yon moun ki benefisye yon sispansyon ekspilasyon

Yon moun ki te resevwa amnisti nan lane 1986

Yon rezidan nan Zile Marshall, Mikwonezi, Palau oswa Guam

Yon viktim trafik oswa yon fanmi ki viktim sa a

Èske mwen ka aplike pou lojman Seksyon 8 si kèk manm nan fanmi m pa sitwayen ameriken epi yo pa gen yon estati imigrasyon legal?

Wi. Ou ka aplike pou pwogram nan si omwen yon moun nan kay ou a se yon sitwayen, yon rezidan pèmanan legal (detantè kat vèt(Green card)), oswa yon moun ki pa sitwayen ki elijib (gade lis moun ki pa sitwayen ki kalifye yo pi wo a). Kay ki gen ladan moun ki gen estati imigrasyon elijib ak moun ki pa elijib yo rele kay miks. Pou egzanp, si ou pa gen estati imigrasyon legal men pitit ou a te fèt Ozetazini epi li se yon sitwayen ameriken, ou gen yon kay miks. Si ou gen yon kay ki gen plizyè manm, w ap elijib, men sèlman pou asistans pworata selon kantite moun nan kay la ki sitwayen ameriken oswa ki gen estati imigrasyon elijib. Sa ka diminye kapasite ou pou resevwa asistans si lwaye a twò wo pou ou peye.

Si ou gen kesyon konsènan sitiyasyon imigrasyon ou ak elijibilite ou, tanpri kontakte yon ekspè nan imigrasyon. Si ou pa gen yon avoka epi ou bezwen èd pou jwenn bon jan sèvis legal e ki pa koute chè, tanpri rele liy dirèk Biwo Nouvo Ameriken yo nan 1-800-566-7636.

Si mwen jwenn yon kupon Seksyon 8, èske sa ap konte kont mwen nan yon detèminasyon chaj piblik pou rezon imigrasyon?

Pou kounye a, yo pa konsidere resevwa avantaj Seksyon 8 kòm yon chaj piblik pou rezon imigrasyon.

Èske mwen ka kòmanse yon aplikasyon sou entènèt epi retounen sou li pita? Èske mwen ka modifiye detay yo pita si estati mwen an chanje?

Vèsyon sou entènèt aplikasyon inisyal la fèt pou ou ranpli epi soumèt li yon sèl fwa. Li pa posib pou w anrejistre yon aplikasyon sou entènèt ki pa fin ranpli nèt.

Ou dwe li tout enfòmasyon ki sou paj dakèy la avèk atansyon epi asire w ou gen tout dokiman nesèsè yo anvan ou kòmanse. Ou dwe chwazi lang ou prefere a sou paj dakèy la tou. Yon fwa ou pare pou kòmanse, klike sou "Kòmanse Isit la" epi y ap mande w pou antre enfòmasyon epi fè chwa pou kay ou a. Ou dwe ranpli tout pati ak seksyon obligatwa yo. Dènye paj la ap montre yon kòd konfimasyon lè aplikasyon an fin anrejistre epi soumèt, epi w ap resevwa enfòmasyon sa a nan imèl tou.

Ou ka itilize kòd konfimasyon an pita, apre apeprè 24 èdtan, pou w enskri nan Pòtay Aplikan an lè w ale sou <https://section8.hcr.ny.gov/Account/Login>. Apre sa, w ap kapab verifye pwogrè aplikasyon w lan, modifiye oswa mete ajou enfòmasyon sou moun k ap viv nan kay la, tankou revni w oswa kantite moun k ap viv nan kay la, epi chwazi ajoute oswa retire tèt ou nan Lis Datant ki disponib yo.

Ki dokiman mwen bezwen telechaje ak aplikasyon mwen an? Ki dokiman mwen bezwen bay si yo chwazi mwen sou yon Lis Datant?

Aplikan k ap itilize Pòtay MyHousing lan pa oblije telechaje okenn dokiman pèsònèl oswa prèv lè y ap aplike. Y ap mande w pou w telechaje yon fòmilè Kontak Sipleman tè HUD ki otorize pwogram nan kontakte yon lòt moun oswa yon òganizasyon pou ede w ak lojman w lan jan sa nesèsè.

Si yo chwazi non w sou yon Lis Datant Seksyon 8, Administratè Lokal k ap jere lis la ap voye yon kominikasyon alekri ba ou sou diferan kalite dokiman ki nesèsè pou trete aplikasyon w lan. Y ap voye fòmilè ou bezwen siyen, epi y ap mande w dokiman ki etabli si moun nan kay ou a kalifye pou pwogram nan epi ki konfime nenpòt preferans ou te reklame, si sa aplikab. Dokiman ki gen rapò ak kalifikasyon yo ka gen ladan yo idantifikasyon pèsònèl, sètifika nesans, ak prèv revni. Dokiman ki gen rapò ak preferans yo ta ka gen ladan prèv andikap oswa sanzabri. Kominikasyon Administratè Lokal la ap gen ladan l enfòmasyon sou jan pou w remèt dokiman yo ak dat pou w soumèt yo.

Ki lang ki disponib nan Pòtay My Housing Seksyon 8 la?

Pòtay My Housing lan disponib kounye a nan lang sa yo:

Angle, Panyòl, Chinwa, Ris, Bengali, Koreyen, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Polonè, ak Franse.

Nan semèn kap vini yo, nou prevwa mete lang sa yo disponib:

Yidich, Arab ak Ourdou.

Tanpri sonje yon aplikan ta dwe chwazi lang li prefere a sou paj demaraj la oswa paj dakèy la an premye, paske li pa posib pou chanje lang lan apre ou fin navige nan pòtay la. Seleksyon lang yo disponib jis anba tit la sou paj aplikasyon an, oubyen lè w sèvi ak ikòn seleksyon lang lan sou paj koneksyon an.



Ikòn seleksyon lang